

Gid pou Jwenn Bon Jan Swen Sante

2025

Tab Matyè

Gid Pa W la pou Ede w Jwenn Bonjan Kalite Swen Sante	2
Kontak pou swen sante w yo	2
Ale sou sit entènèt nou an	4
Pòtay manm yo	5
Repètwa Pwofesyonèl Swen Sante sou Entènèt	6
Plan Amelyorasyon Kalite ak Pwogram Senior Whole Health by Molina Healthcare	7
Direktiv pou ede w rete an sante	8
Èd anplis pou pwoblèm sante kwonik	8
Sante popilasyon an	9
Evalyasyon Risk Sante ak zouti pou jesyon pèsònèl	11
Pwogram Sekirite Pasyan	11
Kijan nou travay avèk pwofesyonèl swen sante yo pou pran desizyon sou swen w yo	11
Pandan n ap chèche nouvote	12
Sèvis asistans lang ak komunikasyon	12
Sèvis sante pou fanm	12

Sèvis sante konpòtmantal	12
Sèvis sante konpòtmantal ann ijans	13
Resevwa swen pou bezwen sante espesyal	13
Sèvis andeyò rezo a	13
Lè fonksyònman sèvis yo	14
Sa pou fè lè w bezwen swen apre lè biwo oswa annijans	14
Enfòmasyon sou avantaj pou medikaman	14
Pwoteje vi prive w	15
Dwa ak responsabilite w yo	16
Dezyèm avi	17
Doleyan ak kontestasyon	17
Dwa w pou konteste yon refi	17
Dwa w pou yon Direktiv Davans	18

Gid Pa W la pou Ede w Jwenn Bonjan Kalite Swen Sante

Vèsyon 2025 Gid pou Ede W Jwenn Bonjan Kalite Swen Sante (Gid la) Senior Whole Health by Molina Healthcare la ede ba w enfòmasyon sou pwogram ak sèvis yo ofri w yo. Nan Gid sa a, ou kapab li sou Pwogram Amelyorasyon Kalite nou an ansanm ak sou sèvis pou pèmèt ou rete an sante ak pou jere nenpòt pwoblèm sante w genyen.

Nan gid sa a, w ap jwenn detay sou kòman n ap:

- Pwoteje dwa sou vi prive w ak Enfòmasyon ki Pwoteje sou Sante w (PHI).
- Fè chwa sou swen sante w yo
- Ede w avèk demach pou swen sante
- Satisfè bezwen kominikasyon w yo

Ou kapab enprime Gid la ak nenpòt lòt enfòmasyon ou bezwen sou sit entènèt nou an. Pou ou kapab resevwa Gid pa w la nan lang ou prefere a oswa nan fòm ki aksesib pou ou a, tanpri rele Sèvis pou Manm yo nan nimewo (888) 794-7268 (TTY: 711) 7 jou sou 7, 8 a.m. – 8 p.m. lè lokal

Kontak pou swen sante w yo

Depatman/Pwogram	Sèvis	Nimewo Telefòn
Sèvis pou Manm yo	Sèvis pou Manm Senior Whole Health by Molina Healthcare yo kapab: • Reponn kesyon konsènan plan sante w la ak sèvis ou yo. • Ede w chwazi oswa chanje yon doktè swen prensipal (PCP). • Fè w konnen ki kote w kapab ale pou jwenn swen. • Ofri sèvis entèprèt si w pale yon lòt lang ki pa anglè, tankou Lang Siy Ameriken an (American Sign Language, ASL). • Founi enfòmasyon yo nan lòt lang ak fòm.	Sèvis pou Manm yo (888) 794-7268 TTY: 711 7 jou sou 7 8 a.m. – 8 p.m. lè lokal
Liy Konsèy Enfimye 24 sou 24 ak Liy Dirèk Nasyonal pou Suisid ak Kriz	Pale avèk yon enfimye lisansye nenpòt lè si w gen kesyon sou sante w. Disponib 24 sou 24, 7 jou sou 7. Liy 988 pou Prevansyon Swisid ak Kriz la disponib toupatou nan peyi a epi li bay sipò konfidansyèl 24 sou 24, 7 jou sou 7 pou moun k ap panse touye tèt yo oswa ki gen pwoblèm emosyonèl grav ki gen pou wè ak sante mantal.	Liy Konsèy Enfimye 24 sou 24 (888) 275-8750 Pou Espanyòl: (866) 648-3537 TTY: 711 Liy Dirèk Suisid ak Kriz Pou Apèl ak Mesaj Tèks: 988

Depatman/Pwogram	Sèvis	Nimewo Telefòn
Swen vityèl telesante 24 sou 24	Wè yon doktè sètifye nan telefòn oswa sou videyo pou maladi ki pa grav oswa pou pwoblèm sante konpòtman san w pa bezwen kite lakay ou. Ou kapab jwenn swen 24 sou 24, 7 jou sou 7.	Teladoc 800-TELADOC (800) 835-2362 TTY: 711 Member.Teladoc.com/Molina
Jesyon sante*	Èske w ap viv ak yon pwoblèm sante kwonik? Nou ofri pwogram pou ede w jere: • Opresyon • Depresyon • Dyabèt • Maladi pilmonè obstriktif kwonik (COPD) • Ensifizans kadyak • Tansyon wo • Pwa (konsèy sou nitrisyon) • Kite finen • Twoub konsomasyon sibstans Pou ou jwenn detay sou fason pou ou vin elijib pou patisipe epi itilize sèvis sa yo, pou ou rantre oswa kite pwogram nan, rele Ekip Jesyon Sante a.	Jesyon Sante (866) 891-2320 TTY: 711 Lendi-Vandredi 6 a.m.–6 p.m. PT
Fòmasyon sou sante*	Jwenn plis enfòmasyon sou kòman pou viv byen ak pou rete an sante. Jwenn detay sou pwogram yo pou ede w kite finen ak pou ede w jere pwa w. N ap ede w aprann kijan pou ou itilize, rantre nan pwogram sa a epi kijan pou ou kite l.	Edikasyon sou Sante (888) 794-7268 TTY: 711 7 jou sou 7 8 a.m. – 8 p.m. lè lokal
Jesyon swen*	Jesyonè swen yo evalye pwoblèm sante w yo epi yo egzamine avantaj ak resous yo. Pwogram sa a kapab ede w viv avèk yon pi bon sante. Sèvis pou Manm yo ka ede w aprann kijan pou ou itilize, rantre nan pwogram sa a epi kijan pou ou kite l.	Sèvis pou Manm yo (888) 794-7268 TTY: 711 7 jou sou 7 8 a.m. – 8 p.m. lè lokal
Jesyon swen konplèks ak jesyon swen entansif*	Swen pou manm ki vin malad anpil epi ki bezwen èd anplis pou yo ka santi yo pi byen. Jesyonè swen yo pral ede w jwenn pi bon swen posib. Rele Sèvis pou Manm yo pou ou aprann kijan pou ou itilize, rantre nan pwogram sa yo epi kijan pou ou kite yo.	Sèvis pou Manm yo (888) 794-7268 TTY: 711 7 jou sou 7 8 a.m. – 8 p.m. lè lokal

Depatman/Pwogram	Sèvis	Nimewo Telefòn
Pwogram Tranzisyon nan Swen*	Lè yo egzeye w nan yon lopital oswa nan yon sant swen enfimye, gen gid ki pral ede w fè tranzisyon soti nan yon anviwònman pou ale nan yon lòt. Yo pral ede w jwenn swen w bezwen lakay ou. Rele Sèvis pou Manm yo pou ou aprann kijan pou ou itilize, rantre nan pwogram sa a epi kijan pou ou kite l.	Sèvis pou Manm yo (888) 794-7268 TTY: 711 7 jou sou 7 8 a.m. – 8 p.m. lè lokal
U.S. Department of Health and Human Services (HHS) Office for Civil Rights (OCR)	OCR la pwoteje w kont diskriminasyon nan sèvis swen sante ak sèvis sosyal. Li pwoteje konfidansyalite enfòmasyon pèsonèl sou sante w yo tou.	Office for Civil Rights (OCR) (800) 368-1019 Rele TDD Gratis (800) 537-7697 hhs.gov/ocr/index.html
Massachusetts Division of Insurance (DOI)	Se DOI ki règleman plan sante yo. Si w gen yon doleyans, itilize pwosedi doleyans Senior Whole Health by Molina Healthcare la avan w kontakte DOI a. Pou ou jwenn enfòmasyon sou pwosedi nou an, rele nan (888) 794-7268 (TTY: 711) 7 jou sou 7, 8 a.m.-8 p.m. lè lokal	Division of Insurance (DOI) (877) 563-4467 TTY: 711 Division of Insurance Mass.gov

*Ou kapab soti nan pwogram sa yo nenpòt lè. Pou plis detay sou pwogram sa yo, rele Sèvis Manm nan.

Ale sou sit entènèt nou an

Ale sou [Senior Whole Health by Molina Healthcare](https://SeniorWholeHealth.com) epi chwazi eta kote ou abite a. Ou pral jwenn:

- Avantaj ak sèvis
- Kopeman ak lòt frè pou peye (si yo aplikab)
- Kisa pou ou fè si w resevwa yon fakti
- Kesyon Moun Poze Souvan (FAQ) ak repons yo
- Detay sou famasi tankou:
 - Medikaman ki kouvri nan plan w lan
 - Limit oswa kwota medikaman yo
 - Kijan pou ou mande yon eksepsyon pou medikaman ki pa nan lis medikaman an
 - Ranplasan jenerik yo
 - Echanj terapetik (diferan medikaman ki gen menm efè yo)
 - Terapi etap apre etap (kouvri yon medikaman anvan nou kouvri yon lòt)
 - Kijan pou ou jwenn famasi ki nan rezo ki toupre lakay ou



- Direktiv pou sante prevantif ak kalandriye vaksen
- Kijan pou jwenn swen espesyalize ak sèvis nan lopital
- Pwofesyonèl swen sante prensipal ak swen sante espesyalize ki disponib
- Pwosedi pou Jesyon Itilizasyon (UM) tankou:
 - Egzamen avan sèvis
 - Egzamen ijan an menm tan (yon egzamen yo fè pandan w ap resevwa swen nan yon sant swen sante)
 - Egzamen apre sèvis
 - Fason pou ou soumèt yon kontestasyon

Pou ou kapab resevwa yon kopi nenpòt dokiman sou [Senior Whole Health by Molina Healthcare](#), rele Sèvis pou Manm yo nan nimewo (888) 794-7268 (TTY: 711) 7 jou sou 7, 8 a.m. – 8 p.m. lè lokal. Ou kapab gade Manyèl pou Manm ou an sou sit entènèt la tou.

Pòtay manm yo

[MyMolina.com](#) se pòtay manm sekirize w la. Li kite w jere sante w apati yon òdinatè, telefòn, tablèt oswa laptòp. Li fasil pou sèvi ak pòtay manm nan. Men kèk nan bagay ou kapab fè:

- Ranpli Evalyasyon Risk Sante (HRA) w la
- Chèche yon famasi lokal
- Jwenn èd pou w kapab:
 - Manje manje ki bon pou sante w
 - Jere pwa ou
 - Gade si w gen depresyon oswa si w manke motivasyon
 - Jere estrès
 - Fè aktivite fizik
 - Sispann konsome tabak
 - Fè tès depistaj kansè
 - Pran vaksen
 - Kite bwè alkòl
- Mande oswa enprime kat ID manm ou an
- Mete Enfòmasyon Pèsonèl ou yo ajou:
 - Nimewo Telefòn
 - Imel
 - Adrès Postal
 - Lang ou prefere
 - Ras
 - Gwoup Etnik
 - Pwonon
 - Idantite Seksyèl
 - Oryantasyon seksyèl

- Chwazi oswa chanje doktè
- Gade nan dosye sante w yo
- Jwenn konsèy medikal gras ak Liy Konsèy Enfimyè ki fonksyone 24 sou 24 nou an, ki disponib 7 jou sou 7 la
- Voye yon imèl bay Sèvis pou Manm yo
- Jwenn resous ki itil

Pou ou jwenn plis enfòmasyon oswa pou ou enskri nan pòtay manm lan, rele Sèvis pou Manm yo nan nimewo (888) 794-7268 (TTY: 711) 7 jou sou 7, 8 a.m. – 8 p.m. lè lokal Epitou ou kapab kreye yon kont sou òdinatè w oswa sou telefòn ou. Nou konseye w kreye kont lan sou òdinatè w la avan.

Pou w kapab kreye yon kont sou òdinatè w la:

Etap 1: Ale sou [MyMolina.com](https://www.MyMolina.com)

Etap 2: Antre nimewo ID Manm ou an, dat nesans ou ak kòd postal ou

Etap 3: Antre adrès imèl ou

Etap 4: Kreye yon modpas

Etap 5: Yo ka mande w bay yon nimewo telefòn oswa yon imèl pou yo voye yon kòd ba ou pou w kapab verifye kont ou an

Pou w kapab kreye yon kont apati telefòn ou:

Etap 1: Jwenn Aplikasyon My Molina® sou App Store oswa Google Play

Etap 2: Telechaje Aplikasyon My Molina® sou telefòn ou

Etap 3: Ouvri aplikasyon an epi chwazi plan sante w la

Etap 4: Antre nimewo ID Manm ou an, dat nesans ou ak kòd postal ou

Etap 5: Kreye yon modpas

Repètwa Pwofesyonèl Swen Sante sou Entènèt

Pou ou chèche yon pwofesyonèl swen sante sou entènèt, ale sou [Senior Whole Health by Molina Healthcare](https://www.SeniorWholeHealthbyMolinaHealthcare.com). Klike sou **‘Find a Doctor or Pharmacy’** (Jwenn yon Doktè oswa Famasi).

Nan Repètwa Pwofesyonèl Swen a, w ap jwenn:

- Non, adrès, nimewo telefòn, ekspètiz ak sèks pwofesyonèl swen sante rezo yo.
- Eitati sètifikasyon pwofesyonèl swen sante yo nan konsèy la
 - Epitou ou kapab ale sou American Board of Medical Specialties (Espesyalite Medikal Konsèy Ameriken) an ([ABMS.org](https://www.ABMS.org)) pou ou wè si konsèy la sètifye yon pwofesyonèl swen sante.

- Lè biwo
 - Pwofesyonèl swen sante k ap aksepte nouvo pasyan
 - Lang pwofesyonèl swen sante a oswa anplwaye yo pale, tankou Lang Siy Ameriken
 - Non lopital la, kote li ye ak estati akreditasyon l
- Si w pa kapab itilize entènèt la oswa si w bezwen jwenn plis enfòmasyon (tankou fakilte medsin pwofesyonèl swen w lan oswa rezidans li), nou kapab voye yon kopi enprime Repètwa Pwofesyonèl Swen an ba ou. Rele Sèvis pou Manm yo nan (888) 794-7268 (TTY: 711) 7 jou sou 7, 8 a.m.–8 p.m. lè lokal pou jwenn èd.



Plan Amelyorasyon Kalite ak Pwogram Senior Whole Health by Molina Healthcare

Nou pran angajman pou n asire ke w resevwa meyè kalite swen ki posib la. Se poutèt sa chak ane, nou mete yon plan an plas pou n kontinye amelyore:

- Sèvis nou yo
- Kalite swen ou resevwa
- Fason nou kominike avèk ou

Objektif nou se pou:

- Ba w sèvis k ap benefisye sante w
- Travay avèk pwofesyonèl swen sante yo pou bay swen ou bezwen an
- Reponn ak bezwen ki gen rapò ak lang ak bezwen kiltirèl ou yo
- Diminye nenpòt obstak pou jwenn swen, tankou bezwen transpò oswa lang

Nou vle pran nouvlè ou tou. Nou egzamine dènye ane sèvis la pou n verifye pwogrès nou. Nou ka voye yon sondaj ba ou pou n kapab jwenn kòmantè w.

Nou ka voye sondaj tou pou n kapab konnen ki kantite manm ki resevwa sèvis ki nesesè yo. Sondaj sa yo fè nou konnen ki swen ki nesesè. Gen youn nan sondaj sa yo ki rele CAHPS® (Evalyasyon Konsomatè Pwofesyonèl Swen ak Sistèm Swen Sante).

Sondaj CAHPS® la poze kesyon sou fason w t ap evalye:

- Swen sante w
- Pwofesyonèl swen prensipal (PCP) ou a
- Plan sante w la
- Espesyalis ou te wè a (yo)
- Konsiltasyon pou moun ki ansante yo
- Nan ki pwèn li fasil pou ou pou jwenn swen
- Nan ki pwèn li fasil pou ou pou jwenn swen rapid

HEDIS® (Seri Done ak Enfòmasyon sou Efikasite Swen Sante)

Nou mezire tou ki kantite nan manm nou yo ki fè tès ak egzamen enpòtan yo. Nou gade:

- Egzamen anyèl yo
- Swen pou dyabèt
- Mamografi (radyografi tete yo)
- Jesyon medikaman
- Pap tès (tès fwoti)
- Swen prenatal (avan akouchman)
- Swen pòsnatal (apre akouchman)
- Vaksen (vaksen kont lagrip, vaksen pou timoun ak adolesan)

Sante w enpòtan pou nou. Nou vle ede w pran swen tèt ou ak fanmi w pi byen.

Pou fè sa, nou:

- Fè w sonje konsiltasyon pou moun ki ansante yo ak vaksen pou ou menm ak pitit ou

- Fòmè w sou pwoblèm sante kwonik yo
- Asire n ou jwenn swen prenatal ak pòsnatal si w ansent
- Fè w sonje pou fè Pap tès (tès fwoti) ak mamografi, si sa nesesè
- Jere nenpòt plent ou genyen
- Ede w jwenn epi sèvi avèk enfòmasyon ki sou sit entènèt nou an
- Fè w konnen sèvis espesyal nou ofri yo

Pou jwenn plis enfòmasyon, rele Sèvis pou Manm yo nan (888) 794-7268 (TTY: 711) 7 jou sou 7, 8 a.m. – 8 p.m. lè lokal Ou ka mande yon kopi enprime Plan Amelyorasyon Kalite nou an ak rezilta yo.

Direktiv pou ede w rete an sante

N ap ba w enfòmasyon sou sèvis prevansyon yo ak sou kilè pou resevwa yo. Enfòmasyon sa yo pa vize ranplase konsèy doktè w la.

Pou tire pi bon avantaj sou direktiv sa yo:

- Pran tan w pou li yo
- Note tout kesyon w genyen epi vini ak yo nan pwochen konsiltasyon w lan
- Pale avèk pwofesyonèl swen sante w la sou nenpòt pwoblèm medikal ou menm oswa pitit ou yo genyen
- Ale nan randevou w yo
- Si w rate yon randevou, repwograme li menm lè a

N ap ede w aprann konsènan tès ak egzamen ki esansyèl yo pou n kapab ede w avèk pwoblèm sante, tankou dyabèt, maladi pilmonè obstriktif kwonik (COPD) ansanm ak depresyon. Gade nan www.molinahealthcare.com/members/ma/en-US/pages/home.aspx pou plis detay. Rele Sèvis pou Manm yo nan (888) 794-7268 (TTY: 711) 7 jou sou 7, 8 a.m. – 8 p.m. lè lokal

Èd anplis pou pwoblèm sante kwonik

Jere pwoblèm sante chak jou kapab vrèman difisil. Pou nou kapab asire n ou resevwa swen ki apwopriye a, Pwogram Jesyon Swen nou an kapab ede w:

- Jwenn sèvis
- Planifye tès ak vizit kay pwofesyonèl swen sante yo
- Jwenn mwayen transpò pou ale nan randevou medikal yo
- Konble lakin nan swen oswa sèvis
- Jwenn sipò pou sila yo ki gen bezwen espesyal yo ak pou moun k ap ba yo swen yo
- Pase soti nan yon anviwònman ale nan yon lòt, tankou kite lopital la
- Resevwa sèvis swen alontèm
- Konekte avèk sipò kominotè
- Jwenn sèvis kominotè tankou “Meals on Wheels” oswa fizyo-terapi



Yo kapab voye w bay Jesyon swen atravè:

- Yon pwofesyonèl swen sante, yon planifikatè egzeyat nan lopital oswa yon travayè sosyal
- Sèvis pou Manm yo, Liy Fòmasyon sou Sante oswa Liy Konsèy Enfimyè ki fonksyone 24 sou 24 la
- Yon manm fanmi oswa yon moun k ap ba w swen
- Yon referans pèsònèl
- Senior Whole Health by Molina Healthcare idantifye antanke yon moun ki kalifye pou jesyon swen

Yo ofri w pwogram sa yo gratis ti cheri. Ou kapab chwazi kanpe nenpòt pwogram nan, nan nenpòt lè. Rele Sèvis pou Manm yo nan (888) 794-7268 (TTY: 711) 7 jou sou 7, 8 a.m.-8 p.m. lè lokal, pou jwenn plis detay.

Sante popilasyon an

(Jesyon sante, tè depistaj pandan gwosès ak sipò pou gwosès ki sou gwo risk, jesyon swen konplèks ak jesyon swen entansif, tranzisyon swen, bilten nouvel pou manm ak fòmasyon sou sante)

Nou ofri anpil pwogram pou ede w mennen yon lavi ki pi ansante.

Jesyon sante

Nou ofri pwogram ki annapre yo pou ede ou menm ak fanmi w jere:

- Opresyon
- Maladi kadyovaskilè (CVD)
- Maladi pilmonè obstriktif kwonik (COPD)
- Depresyon
- Dyabèt
- Ensifizans kadyak
- Pwa (konsèy sou nitrisyon)
- Kite fimèn
- Twoub konsomasyon sibstans

Pou ou jwenn plis enfòmasyon, rantre oswa kite nenpòt nan pwogram sa yo, rele ekip Jesyon Sante a nan nimewo (866) 891-2320 (TTY: 711) Lendi-Vandredi, 6 a.m.-6 p.m. (PT).

Jesyon swen

Jesyon swen se yon fason pou ede w pran anchaj sante fizik ak konpòtmantal ou nan pi bon fason sa posib. Yon ekip moun, ladan yon jesyonè swen, enfimyè, doktè ak lòt moun k ap ede, pral travay ansanm pou prepare yon plan espesyal pou ou nan objektif pou ede w vin pi byen.

Jesyonè swen yo gendwa pale avèk ou nan telefòn oswa fasafas pou asire yo ou anfòm. Yo gendwa mennen yon moun kominote a tou pou ede w avèk enfòmasyon yo oswa pou aprann ou yon bagay. Rele Sèvis pou Manm yo nan (888) 794-7268 (TTY: 711) 7 jou sou 7, 8 a.m.-8 p.m. lè lokal, pou ou ka aprann plis, pou ou verifye si w kalifye pou ou rantre oswa pou ou kite pwogram sa yo.

Jesyon swen konplèks ak jesyon swen entansif

Jesyon swen Konplèks ak jesyon swen entansif se swen pou manm ki vin malad anpil epi ki bezwen èd anplis pou yo ka santi yo pi byen. Jesyonè swen yo vle asire yo ou jwenn pi bon swen posib la epi yo pral:

- Enfòmè w sou maladi w epi ede w jwenn bon swen ak bon sèvis yo
 - Ede w jwenn bagay ou bezwen pou santi w pi byen, tankou medikaman oswa ekipman
 - Verifye pou wè si bagay yo ap fè yo ap ede w
 - Kontinye travay avèk ou jiskaske ou santi w pi byen epi kapab pran swen tèt ou poukont ou
- Pou ou aprann plis, verifye si w kalifye, pou ou rantre nan pwogram sa yo oswa kite yo, rele Sèvis pou Manm lan nan nimewo (888) 794-7268 (TTY: 711), 7 jou sou 7, 8 a.m.-8 p.m., lè lokal.

Pwogram Tranzisyon nan Swen

Pwogram Tranzisyon nan Swen nou an fèt pou ede w fè yon tranzisyon san pwoblèm apre w kite lopital la oswa nenpòt lòt etablisman swen. Enstriktè yo pral travay avèk ou oswa avèk moun k ap ba w swen yo pou asire yo ou konprann sa w bezwen pou rete ansante. Nou vle asire n ou jwenn pi bon swen posib la epi ou santi yo sipòte w pandan gerizon w.

Pwogram nan disponib pou tout manm Senior Whole Health by Molina Healthcare yo. Pou ou aprann plis, verifye si w kalifye, pou ou rantre nan pwogram sa a oswa kite l, rele Sèvis pou Manm yo nan nimewo (888) 794-7268 (TTY: 711). 7 jou sou 7, 8 a.m. – 8 p.m. lè lokal.

Bilten manm yo


Nou poste bilten enfòmasyon sou manm yo sou [Materyèl ak Fòm pou Manm yo | Senior Whole Health](#). Enfòmasyon yo fasil pou li epi yo bay konsèy sou fason pou w viv an sante.

Edikasyon sou sante

Nou kapab enfòmè w sou bagay tankou:

- Manje sa ki bon pou sante
- Prevansyon maladi
- Swen pou estrès
- Rete aktif
- Kolestewòl
- Opresyon
- Dyabèt
- Sante Konpòtmantal

Pou ou kapab resevwa dokiman fòmasyon sou sante yo, ou kapab mande doktè w la pou l ba ou yo. Epitou ou ka ale sou [Fòmasyon sou Sante | Senior Whole Health](#).



Evalyasyon Risk Sante ak zouti pou jesyon pèsònèl

Pou ou jwenn èd sou fason pou ou fè chanjman k ap bon pou sante w, itilize Evalyasyon Risk Sante a (evalyasyon eta sante) sou pòtay pou manm [MyMolina](#) a. Annik reponn kesyon sou sante w, konpòtman w ak tès yo sigjere w yo. W ap resevwa yon rapò sou risk sante touswit ou fin fè evalyasyon sa a.

Nan pòtay pou manm lan, w ap jwenn tou zouti jesyon pèsònèl ki founi konsèy pou:

- Jere pwa w
- Depresyon
- Byennèt finansye
- Lòt sijè ki afekte sante w

Zouti sa yo ede w verifye pwogrè w, detekte obstak ak mezire pwogrè w fè avèk objektif ki bon pou sante w yo. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou [MyMolina.com](#).

Pwogram Sekirite Pasyan

Pwogram Sekirite Pasyan nou an ede kenbe ou menm ak fanmi w ansekirite lè nou benefisye sèvis sante yo.

Nou pwoteje w; pou fè sa, nou:

- Pale avèk pwofesyonèl swen sante ak lopital yo sou pwoblèm sekirite ak ki kote pou yo jwenn èd
- Kontwòle plent manm yo sou pwoblèm sekirite yo nan klinik pwofesyonèl swen yo ak nan lopital yo
- Egzamine rapò gwoup ki kontwòle sekirite nan lopital la
- Ede w pase soti nan yon espas ale nan yon lòt, tankou kite yon lopital pou ale lakay ou
- Aprann ou kesyon pou poze pandan vizit kay pwofesyonèl swen sante yo

Gwoup ki verifye sekirite a gen landan:

- [Endèks Eskò Kalite Leapfrog Group](#)
- [Evalyasyon Objektif Nasyonal Sekirite Pasyan Komisyon Miks la](#)

Ou kapab gade sitwèb sa yo pou:

- Gade kisa lopital yo fè pou yo kapab plis an sekirite
- Konnen kisa pou chèche lè w ap chwazi yon pwofesyonèl swen oswa yon lopital
- Jwenn enfòmasyon sou pwogram yo ak sèvis yo pou pwoblèm sante tankou dyabèt ak opresyon

Pou jwenn plis enfòmasyon, rele Sèvis pou Manm yo nan (888) 794-7268 (TTY: 711) 7 jou sou 7, 8 a.m.- 8 p.m. lè lokal, oswa ale sou www.molinahealthcare.com/members/ma/en-US/pages/home.aspx.

Kijan nou travay avèk pwofesyonèl swen sante yo pou pran desizyon sou swen w yo

Gen kèk sèvis yo dwe apwouve davans avan nou kapab kouvri yo. N ap travay avèk pwofesyonèl swen w la pou n kapab konnen ki sèvis ou bezwen. Nou fè chwa sou swen w an fonksyon bezwen medikal yo ak avantaj yo. Yo rele sa jesyon itilizasyon (UM).

- Nou pa rekonpanse pwofesyonèl swen yo oswa lòt moun yo poutèt yo refize sèvis yo.
- Nou pa peye pwofesyonèl swen yo oswa anplwaye UM yo lajan anplis pou yo kapab fè chwa ki pèmèt ou jwenn mwens swen.

Si w bezwen Sèvis ak Sipò Alontèm (LTSS), gen yon moun ki gen eksperyans avèk LTSS, ki pran fòmasyon epi ki fòme k ap pran desizyon sou sèvis sa yo.

Si w gen yon kesyon sou pwosesis oswa desizyon UM nou yo, rele Sèvis Manm nan (888) 794-7268 (TTY: 711) 7 jou sou 7, 8 a.m. – 8 p.m. lè lokal Nou kapab aksepte apèl ke se nou k ap peye frè yo. Si w bezwen èd nan lang ou, anplwaye bileng yo oswa entèprèt yo disponib gratis ti cheri. Nou ofri tou sèvis TTY si w soud, tande di oswa si w gen difikilte pou pale.

Tanpri kite yon mesaj avèk nimewo telefòn ou si w rele apre lè biwo oswa pandan wikenn. Nou pral retounen apèl ou a nan yon jou ouvrab. Sèvis Manm gendwa rele tou pou pale sou pwoblèm UM yo. Si Sèvis pou Manm yo rele, n ap itilize non nou, tit nou ansanm ak non Senior Whole Health by Molina Healthcare la.

Pandan n ap chèche nouvote

Nou chèche plizyè mwayen pou n ofri nouvo kalite swen ak sèvis ansanm ak nouvo mwayen pou n founi yo. Nou egzamine nouvo sèvis yo pou verifye sekirite ak avantaj siplemantè yo. Chak ane, nou egzamine mizajou nan:

- Ekipman
- Sèvis medikal
- Sèvis sante konpòtmantal
- Medikaman

Sèvis asistans lang ak kominikasyon

Nou founi enfòmasyon ekri oswa vèbal nan lang ou, gratis ti cheri. Nou ofri entèprèt pou fasilite w pale avèk pwofesyonèl swen w lan oswa avèk nou. Nou fè sa a pou pifò lang yo, ki gen ladan lang siy. Pou yon entèprèt oswa materyèl ekri nan yon lang ki pa anglè, rele Sèvis pou Manm yo nan nimewo (888) 794-7268 (TTY: 711) 7 jou sou 7, 8 a.m. – 8 p.m. lè lokal

Sèvis sante pou fanm

Nou kouvri egzamen nan tete ak mamografi. Pou sèvis woutin ak prevantif, ou kapab wè yon espesyalis sante fanm. Espesyalis sa kapab yon jinekolog. Ou pa bezwen yon referans pou ou resevwa sèvis sa yo.

Sèvis sante konpòtmantal

Si w gen enkyetid parapò ak pwoblèm sante konpòtmantal, nou kapab ede. Nou kapab ede avèk bagay tankou estrès, depresyon oswa itilizasyon sibstans. Nou kouvri sèvis sante konpòtmantal. Ou pa bezwen yon referans pou wè yon pwofesyonèl swen sante. Mande PCP w la oswa rele Sèvis pou Manm yo nan (888) 794-7268 (TTY: 711) 7 jou sou 7, 8 a.m.-8 p.m. lè lokal, pou ou jwenn plis enfòmasyon.

Nou ka ede w si w ap fè fas ak:

- Tristès ki pa amelyore
- Santiman dezespwa oswa san sekou
- Santiman koupab



- Santiman ou pa vo anyen
- Difikilte pou dòmi
- Pèdi apeti oswa pèdi pwa
- Pèdi enterè nan sa w te konn renmen

Si w bezwen sèvis pou sante mantal oswa pou ede w akòz itilizasyon dwòg oswa alkòl, ou ka:

- Rele Sèvis pou Manm yo.
- Rele Liy Konsèy Enfimyè nou an 24 sou 24
- Ale wè yon pwofesyonèl swen sante oswa yon sant sèvis sante mantal oswa pou itilizasyon dwòg oswa alkòl
- Gade nan Repètwa Pwofesyonèl Swen Sante nou an sou MolinaHealthcare.com
- Ale sou pòtay manm lan sou MyMolina.com.
- Mande Sèvis pou Manm yo non ak nimewo telefòn sant ki toupre ou yo

Sèvis sante konpòtmantal ann ijans

Yon ijans nan sante konpòtmantal se yon pwoblèm sante mantal ki ka lakòz gwo domaj sou kò a oswa menm lakòz lanmò. Kèk egzanp se lè w:

- Gen panse pou suisid oswa eseye touye tèt ou
- Lakòz danje pou ou menm oswa lòt moun
- Blese epi pa kapab fè aktivite lavi toulèjou
- Te blese epi sa lakòz gwo domaj nan kò ou oswa lakòz lanmò.

Si w gen yon ijans, ale nan sal dijans nan lopital ki pi pre w la. Ou kapab ale nan yon lòt sal dijans san pèdi tan. Ou kapab rele 911. Pou Liy Dirèk Suisid ak Kriz la, ou kapab rele 988.

Si w ale nan sal ijans lan, fè pwofesyonèl swen sante prensipal (PCP) ou a konn sa a pi bonè ou kapab. Si w gen yon ijans epi w pa ka rive kay yon pwofesyonèl swen sante rezo a:

- Ale nan lopital oswa sal dijans ki pi pre w la
 - Rele nimewo ki sou kat Idantifikasyon w lan
 - Rele pwofesyonèl swen sante w la epi fè suivi nan 24 jiska 48 èdtan apre w fin kite sal ijans lan
- Si w gen yon ijans andeyò zòn nan, n ap ede w konekte ak yon pwofesyonèl swen ki nan rezo a touswit ou vin anfòm.

Resevwa swen pou bezwen sante espesyal

Nou kouvri swen pou bezwen espesyal yo. Si w gen Sèvis ak Sipò Alontèm (LTSS), ou kapab konsilte yon espesyalis. Ou pa bezwen gen yon referans. Ou ka kalifye pou plis sèvis. Rele Sèvis pou Manm yo nan (888) 794-7268 (TTY: 711) 7 jou sou 7, 8 a.m.-8 p.m. lè lokal, pou ou jwenn plis enfòmasyon sou kowòdinasyon swen ak jesyon swen.

Sèvis andeyò rezo a

Si yon pwofesyonèl swen sante ki nan rezo a pa kapab ba w sèvis ki kouvri ou bezwen yo, ou kapab al wè yon pwofesyonèl swen sante ki pa nan rezo a jiskaske nou ka bay sèvis ki nan rezo yo. Si yo apwouve w pou ou resevwa sèvis andeyò rezo a, n ap peye pou sèvis yo epi n ap kowòdone peman an ak pwofesyonèl swen sante ki pa nan rezo a. Se menm kantite lajan an w ap peye ak si pwofesyonèl swen a te nan rezo nou an. Pou jwenn plis enfòmasyon, rele Sèvis pou Manm yo nan (888) 794-7268 (TTY: 711) 7 jou sou 7, 8 a.m. – 8 p.m. lè lokal

Lè fonksyònman sèvis yo

Ou kapab resevwa sèvis yo 24 èdtan sou 24, chak jou. Toujou gen yon fason pou ou jwenn swen ou bezwen yo. Ou ka wè yon doktè an pèsòn, itilize sèvis telesante yo, oswa ale nan swen apre lè biwo fèmèn yo oswa nan ijans lan lè sa a nesesè.

Sa pou fè lè w bezwen swen apre lè biwo oswa annijans

Swen apre lè fonksyònman biwo

Ou ka bezwen swen lè klinik PCP w la fèmèn. Apre lè biwo, rele Liy Konsèy Enfimye 24 sou 24 la nan (888) 275-8750.

Enfimye ki pran bonjan fòmasyon yo disponib 24 sou 24, 7 jou sou 7 pou:

- Reponn kesyon medikal ou yo
- Ede w deside si w bezwen swen tousuit
- Pran yon randevou pou ou

Swen dijans

Kisa yon ijans ye?

Yon pwoblèm britsoukou oswa ki grav ki mande pou resevwa swen touswit oswa ki mete lavi w oswa sante w an danje.

Nou kouvri swen dijans.

Nou pa kouvri swen ijans andeyò Etazini (sof pou moun ki bezwen swen lopital nan peyi Kanada oswa Meksik).


Si w bezwen swen dijans, rele 911 oswa ale nan lopital ki pi pre a. Ou pa bezwen apwobasyon davans. Pou Liy Dirèk Suisid ak Kriz la, ou kapab rele 988. Pou swen ijan, rele Liy Konsèy Enfimye 24 sou 24 la nan (888) 275-8750.

Enfòmasyon sou avantaj pou medikaman

Pou jwenn enfòmasyon sou medikaman w bezwen, pale avèk pwofesyonèl swen sante w la. Pou ou jwenn detay sou avantaj medikaman yo, ale sou [Famasi ak Medikaman sou Preskripsyon | Senior Whole Health](#). Sou sit entènèt nou an, ou kapab jwenn:

- Lis medikaman nou an: Yon lis medikaman jenerik ak medikaman mak nou kouvri
- Limit sou medikaman ki kouvri yo, tankou kantite dòz ou ka jwenn
- Kijan pwofesyonèl swen sante w la kapab mande apwobasyon pou sèten medikaman oswa kantite ou bezwen
- Enfòmasyon nesesè pou pwofesyonèl swen sante w la bay pou jwenn apwobasyon pou kèk nan medikaman w yo
- Pwosesis nou an pou ranplasman jenerik, echanj terapetik ak terapi etap apre etap
- Mizajou fòmilè medikaman nou a
- Nenpòt kopeman pou medikaman ki pa sou fòmilè medikaman an
- Fason pwofesyonèl swen w lan kapab mande nou kouvri yon medikaman ki pa nan fòmilè a

Pou jwenn plis enfòmasyon, rele Sèvis pou Manm yo nan (888) 794-7268 (TTY: 711) 7 jou sou 7, 8 a.m. – 8 p.m. lè lokal



Pwoteje vi prive w

Ou gen dwa nan sa ki gen pou wè ak pwoteksyon enfòmasyon sou sante w yo. Nou pa pral pataje enfòmasyon sou sante ke lalwa pa otorize. Nou respekte epi pwoteje vi prive w. Nou gendwa sèvi avèk epi pataje done pou founi w avantaj yo Lavi prive ou enpòtan pou nou.

Enfòmasyon ki pwoteje sou sante (PHI) w

PHI vle di enfòmasyon ki pwoteje sou sante (protected health information). Li gen ladan:

- Non
- Nimewo Idantifikasyon Manm ou
- Ras ou
- Etnisite w
- Idantite seksyèl ou
- Oryantasyon seksyèl ou
- Bezwen sosyal ou yo
- Risk sosyal ou yo
- Bezwen lengwistik ou yo
- Lòt enfòmasyon ki idantifye ou

Nou ka itilize PHI w yo pou:

- Travay avèk klinisyen yo pou n kapab founi w tretman
- Peye swen sante w yo
- Egzamine kalite swen w ap resevwa a
- Pale konsènan chwa swen w yo
- Jere plan sante nou an
- Itilize oswa pataje PHI yo pou lòt rezon, jan lalwa otorize sa a

Nou dwe jwenn apwobasyon alekri w pou n kapab itilize oswa pataje PHI w yo pou nenpòt rezon ki pa endike anwo a.

Dwa sou vi prive w

Ou gen dwa pou:

- Konsilte PHI w yo
- Resevwa yon kopi PHI w yo
- Fè modifikasyon nan PHI w yo
- Mande nou pou n pa itilize oswa pataje PHI w yo nan sèten fason
- Jwenn yon lis moun oswa kote nou te bay PHI w yo

Fason Senior Whole Health by Molina Healthcare pwoteje PHI w yo

PHI w yo kapab sou fòm ekri, oral oswa nimerik. Pou n kapab rive pwoteje PHI w yo, nou:

- Mete an plas yon seri politik ak pwosedi ki pou pwoteje ou
- Limite sou kantite anplwaye ki kapab wè PHI yo

- Fòm anplwaye yo sou fason pou pwoteje ak sekirize PHI yo (kominikasyon ekri ak vèbal)
- Mande konsantman alekri pou n kapab swiv politik ak pwosedi yo
- Sekirize PHI yo defason nimerik avèk firewall ak modpas

Selon lalwa, nou dwe:

- Kenbe PHI w yo prive
- Enfòmasyon w si gen yon vyolasyon ki fèt nan PHI ki pa sekirize w yo
- Pa itilize oswa divilge enfòmasyon jenerik ou yo pou rezon souskripsyon
- Pa itilize done ki gen rapò ak ras ou, idantite seksyèl ou, oryantasyon seksyèl ou, etnisite oswa lang ou pou souskripsyon oswa refi kouvèti
- Swiv Avi sou Pratik sou Pwoteksyon Vi Prive (NPP) nou an

Kisa w kapab fè si w santi yo pa t rive pwoteje dwa sou prive w yo?

- Rele oswa ekri Molina epi depoze yon plent
- Depoze yon plent nan U.S Department of Health and Human Services

Enfòmasyon ki pi wo yo se sèlman yon rezime. Pou ou aprann plis sou fason pou ou itilize ak pataje PHI ou yo, gade nan NPP nou an sou [Senior Whole Health by Molina Healthcare](#). Ou kapab rele Sèvis Manm tou nan (888) 794-7268 (TTY: 711) 7 jou sou 7, 8 a.m.-8 p.m. lè lokal pou mande yon kopi.

Dwa ak responsabilite w yo

Li enpòtan pou konnen dwa ak responsabilite w yo. Sa a ap ede ou menm, fanmi w, pwofesyonèl swen sante w ak Senior Whole Health by Molina Healthcare asire nou ou jwenn swen ou bezwen yo.

Ou gen dwa pou:

- Jwenn enfòmasyon sou Senior Whole Health by Molina Healthcare, sèvis ak pwofesyonèl swen sante nou yo, ak dwa ak responsabilite w yo.
- Respekte vi prive w epi trete w avèk respè ak diyite.
- Ede w pran desizyon avèk pwofesyonèl swen w lan sou swen sante w. Ou ka refize tretman an.
- Mande yon kopi dosye medikal ou.
- Mande modifiye oswa korije dosye medikal ou.
- Diskite sou opsyon tretman w yo avèk doktè w la nan yon fason ou konprann epi patisipe nan elabore ansanm objektif tretman nou toude antann nou sou yo a. Depans oswa kouvèti avantaj la pa konte.
- Pote nenpòt plent oswa voye kontestasyon kont Senior Whole Health by Molina Healthcare oswa swen ou te resevwa yo.
- Itilize dwa w genyen antanke manm san w pa pè sibi konsekans negatif.
- Resevwa dwa ak responsablite w yo chak ane.
- Pwopoze chanjman nan politik sou dwa ak responsablite w yo.

Ou genyen responsablite tou pou ou:

- Bay Senior Whole Health by Molina Healthcare ak pwofesyonèl swen sante w yo tout enfòmasyon ki nesesè pou swen w yo.
- Konnen pwoblèm sante w yo.
- Patisipe nan ansanm objektif tretman w yo ke ou menm ansanm ak pwofesyonèl swen w lan antann sou yo a.
- Swiv plan tretman an pou swen w.

- Toujou ale nan konsiltasyon kay doktè yo epi toujou rive alè.
- Si w panse w ap anreta oswa w p ap ka vini, rele klinik lan san pèdi tan.

Nou pataje deklarasyon sou dwa ak responsabilite manm yo ak:

- Nouvo manm yo lè yo enskri
- Manm ki egziste deja yo si yo mande sa a
- Nouvo pwofesyonèl swen sante yo lè yo rantre nan rezo a
- Pwofesyonèl swen sante ki egziste deja yo si yo mande sa a

Ale sou [Senior Whole Health by Molina Healthcare](#) pou ou ka wè Manyèl Manm ou an pou ou ka jwenn yon lis konplè dwa ak responsablite ou genyen yo. Ou kapab rele Sèvis Manm tou nan (888) 794-7268 (TTY: 711) 7 jou sou 7, 8 a.m. jiska -8 p.m. lè lokal pou mande yon kopi.

Dezyèm avi

Si w pa dakò avèk plan sante pwofesyonèl swen sante w la, ou gen dwa pou jwenn yon dezyèm avi. Ou kapab pale ak yon lòt pwofesyonèl swen ki nan rezo a. Ou kapab pale tou ak yon pwofesyonèl swen ki andeyò rezo nou an gratis ti cheri. Pou jwenn plis enfòmasyon, rele Sèvis pou Manm yo nan (888) 794-7268 (TTY: 711) 7 jou sou 7, 8 a.m. – 8 p.m. lè lokal

Doleyans ak kontestasyon

Si w gen pwoblèm avèk swen oswa sèvis medikal ou yo, ou gen dwa pou soumèt yon doleyans (plent) oswa fè yon kontestasyon.

Soumèt yon doleyans pou bagay tankou:

- Swen w resevwa nan men pwofesyonèl swen w lan oswa nan lopital ou konn ale a
- Tan sa pran pou ale nan yon randevou oswa pou yon pwofesyonèl swen konsilte w
- Disponibilite pwofesyonèl swen yo nan rejyon w lan

Depoze yon kontestasyon lè w pa dakò avèk desizyon nou pran pou n:

- Kanpe, chanje, sispann, diminye oswa refize yon sèvis
- Refize peman pou sèvis yo

Ou ka mande pou yo fè yon egzamen byen rapid si desizyon an mete lavi w oswa sante w arisk. Ou ka mande pou Jij Dwa Administratif Eta a fè Odyans San Patipri nan Eta a si yo refize kontestasyon w lan.

Ale sou [Senior Whole Health by Molina Healthcare](#) oswa gade nan Manyèl Manm ou an pou ou li sou:

- Doleyans ak kontestasyon
- Kiyès ki kapab depoze yon doleyans ak kontestasyon
- Pwosesis, dwa ak delè Odyans San Patipri nan Eta a

Pou tout kesyon, rele Sèvis pou Manm yo nan (888) 794-7268 (TTY: 711) 7 jou sou 7, 8 a.m. – 8 p.m. lè lokal

Dwa w pou konteste yon refi

Kisa ki yon refi?

Yon refi vle di nou pa pral peye pou yon sèvis oswa fakti. Si nou refize sèvis ou a, ou gen dwa pou konnen poukisa nou te refize w li. Ou gen dwa pou konteste.

Si nou refize sèvis ou a, ou pral jwenn yon lèt ki ap di w poukisa. L ap pale w sou dwa w pou fè kontestasyon. Ou kapab li sou dwa sa yo nan Manyèl pou Manm ou a. Ou ka aprann kijan pou ou fè yon kontestasyon sou [Senior Whole Health by Molina Healthcare](#). Sèvis Manm nan kapab ede w tou pou fè yon kontestasyon.

Si w pa satisfè ak rezilta kontestasyon w lan, ou kapab mande pou n fè yon egzamen endepandan. Lèt refi w la ap di w kijan pou ou mande yon odyans ki jis. Epitou li eksplike kilè ou ka kontinye resevwa sèvis yo oswa kijan pou ou mande pou ou kontinye resevwa yo pandan w ap tann yon odyans ki jis. Si odyans ki jis la kadre ak desizyon [Senior Whole Health by Molina Healthcare](#) la, ou ka oblije peye pou sèvis ou te resevwa yo pandan ou t ap tann odyans lan. Pwofesyonèl swen sante ki andeyò Molina yo pral gade tout sa k pase yo epi yo pral deside. Molina pral respekte konklizyon sa a.

Dwa w pou yon Direktiv Davans

Ou gen dwa pou akspete oswa refize tretman yon pwofesyonèl swen sante ofri. Si w pa kapab di pwofesyonèl swen sante an sa w vle, ou bezwen fè konnen sa w swete yo. Li enpòtan pou gen yon Direktiv Alavans. Ou kapab gen youn pou swen medikal ak swen sante mantal.

Yon Direktiv Alavans se yon fòmilè legal ki fè pwofesyonèl swen yo konnen ki kalite swen ou bezwen si w pa kapab pale pou tèt ou. Ekri yon Direktiv Alavans avan w gen yon ijans. Sa anpeche lòt moun pran desizyon ki enpòtan sou sante w si w pa kapab fè sa pou kont ou. Gen plizyè kalite Direktiv Alavans diferan. Kèk egzanp ladan yo se:

- Pwokirasyon pou Swen Sante
- Yon Testaman Vi

Sa depannde chwa ou pou gen yon Direktiv Alavans. Pyès moun pa gen dwa refize w swen poutèt ou genyen, oswa pa genyen, youn. Pou ede w pran desizyon sou swen w, pale avèk yon moun fè konfyans. Moun sa ka petèt yon manm fanmi oswa yon zanmi. Ou kapab pale tou avèk avoka w la oswa PCP w la.

Rele Sèvis pou Manm yo nan (888) 794-7268 (TTY: 711) 7 jou 7, 8 a.m.-8 p.m. lè lokal, pou ou jwenn èd sou fason pou ou jwenn yon Enstriksyon Alavans ki konfòm ak lwa eta a yo.

Si w siyen yon Direktiv Davans epi panse pwofesyonèl swen sante w la pa suiv sa w swete yo, ou gendwa depoze yon plent. Ale sou [Senior Whole Health by Molina Healthcare](#) oswa rele Sèvis pou Manm yo pou plis detay.